

# Enfòmasyon sou vaksen COVID-19

Kounye a yo otorize itilizasyon vaksen COVID-19 Ozetazini, men kèk enfòmasyon enpòtan sou vaksen, sekirite ak lè w ap kalifye pou w resewva vaksen.

Vaksen COVID-19 gratis, kit ou gen asirans kit ou pa gen asirans, kit ou gen rezidans ki ou pa genyen.

Li posib pou w gen COVID-19 ankò. Donk, si te deja gen COVID-19 oswa ou gen antikò COVID-19 ou dwe toujou pran vaksen an.

Etid klinik te fèt sou moun tout kalite etni, ras, e yo te fèt tou sou moun ki gen gwo pwoblèm sante. Etid sa yo montre vaksen yo san danje. Ou pa ka pran COVID-19 nan vaksen yo.

Pou konnen si w kalifye e pou w planifye yon randevou ak sit vaksinasyon an mas yo, tanpri ale sou [am-i-eligible.covid19vaccine.health.ny.gov](https://am-i-eligible.covid19vaccine.health.ny.gov). Moun New York yo ka rele tou liy dirèk pou vaksinasyon Eta New York la nan **1-833-NYS-4VAX (833.697.4829)** pou plis enfòmasyon epi tcheke bò lakay yo ak founisè yo ak famasi yo. Sit Entènèt Depatman sante eta New York [covid19vaccine.health.ny.gov/what-you-need-know](https://covid19vaccine.health.ny.gov/what-you-need-know) bay plis enfòmasyon sou vaksinasyon.

WMCHHealth tou lanse yon Sant resous dijital sou kowonaviris [covidinfo.wmchealth.org](https://covidinfo.wmchealth.org) sa ki gen ladan l enfòmasyon sou vaksinasyon, tès, tretman ak Pwogram rekiperasyon apre COVIV nou an. Sit sa yo genyen yon anyè entèaktif pou ede rezidan Hudson Valley yo gen aksè ak vaksinasyon COVID-19 yo.



Anvan e apre w resewva vaksen, sonje:

Mete yon mask

Rete yon distans 6 pye parapò ak lòt moun

Lave men w.

Rete lakay ou si w malad

